

SS.7.C.1.9

Defini règ lalwa ak rekonèt enfiliyans li sou devlopman nan sistèm legal, politik, ak gouvènman Ameriken an.

SS.7.C.1.9 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Elèv yo ap evalye enpak règ lalwa a fè sou ofisyen nan gouvènman an ak enstitisyon an (responsabilite lwa a, pwosedi ki jis, desizyon ki baze sou lalwa, aplikasyon ki konsistan, ranfòsman lalwa, ak transparans nan enstitisyon yo).

Ofisyen nan gouvènman an – ke yo se ofisyen polis, senatè, jij, oswa prezidan - yo gen responsabilite (responsab) a lalwa. Yon **sistèm jidisyè endependan** ki asire ke lidè gouvènman yo gen responsabilite pou aksyon yo komèt. **Règ lalwa** asire ke pa gen pèsòn, kèlkeswa pozisyon li okipe nan pouvwa a, ki pi wo pase lalwa.

Si lwa yo ap aplike pou tout moun, yo dwe aplike egal ego epi san patipri. Jij yo dwe itilize menm lwa yo ak pwosedi pe enpòt ki moun ki nan jijman. Pwosesis legal la kòmanse ak sisyèm Amannman an, ki mande pou ke moun ke yo akize pou krim yo, yo dwe di yo akizasyon yo pote kont yo a (de kisa yo te akize yo). Règ lalwa vle di tou ke jij ak jiri yo, pran desizyon yo daprè lalwa, e ke yo aplike lwa a egal ego a tout moun kèlkeswa richè, pouvwa, ak lòt bagay ki fè moun diferan de youn ak lòt. Règ lalwa a aplike pou moun kap fè respekte lalwa tou. Pou evite krim, sa mande koperasyon federal la, eta a, ak ofisyen lokal yo ke nou fè konfyans pou aplike e fè respekte lalwa san patipri.

Pou fè sèten règ lalwa rete fò, sitwayen yo dwe kapab konnen ki sa lwa yo ye, patisipe nan jiri, konprann ki jan sistèm legal la fonksyone, e konnen ki sa ki nan Deklarasyon Dwa. Si sistèm legal la pa transparan, oswa pa klè, règ lalwa vin menm pi rèd pou pwoteje. Yon sistèm legal ki transparan mande pou ke publik la an jeneral konnen règ ak pwosedi sistèm nan tribinal la, ki sèvi kòm zouti komen pou garanti jistis pou tout moun.

fè aplike – pou enplimante efektivman

règ lalwa – lide ki fè konnen ke moun kap gouvènre dwe swiv lwa yo; pa gen pèsonn ki pi wo pase lalwa

sistèm jidisyè endependan – prensip ke desizyon nan tribinal yo, yo jis ak san patipri e yo pa enfliyanse pa lòt branch nan gouvènman an